

## Enstriksyon pou Preparasyon Golytely a

Refere ak fich enstriksyon sa a pou jwenn enstriksyon preparasyon entesten yo, **PA** sa ki vin ansanm ak medikaman yo. Rezulta tès sa yo depann de si kolon w byen netwaye epi pa gen anyen ladan I. Poupopou (matyè fekal) ki anndan gwo entesten w yo kapab kache maladi ak timè ki kapab prezan. Tanpri, suiv enstriksyon sa yo byen; sinon egzamen yo kapab pa presi oswa y ap bezwen refè yo.

### **YON jou anvan pwosedi w la**

**12 AM (Minui):** Kòmanse ak yon rejim likid klè nan maten sa a epi kontinye konsa pandan tout jounen an. *Nan jou sa a, PA konsome okenn lòt bagay ke likid klè nan tout jounen an pou asire w netwaye trip ou byen. (W ap jwenn enstriksyon sou rejim yo nan kazyé ki pi ba a)*

- **BAGAY KI BON POU BWÈ:**

Ji pòm, ji rezen blan, limonad, Gatorade, dlo, te (pa pran lèt), kafe (pa pran krèm), Kool-Aid, bwason dous ki klè, bouyon bëf ki klè, bouyon poul ki klè, sisèt glase, Jello, ak bonbon di (Ki pa Wouj, ble, ni jòn abriko, ni Vyolèt).

- **SA KI ENTÈDI YO:**

Pwodui ki gen lèt yo (lèt regilye, lèt zanmann, tout fwomaj yo, krèm, krèm kafe an poud oswa an likid, yogout, fwomaj kotaj, bë), pwodui lèt "atifisyèl" (lèt soja ak pwodui "san laktoz" yo), nenpòt bagay ki gen tent Wouj, Ble, Jòn Abriko oswa Vyolèt ladan yo, Alkòl (kenpòt kalite a), tout aliman ki gen pilp (ji zoranj)

**8AM: Prepare Melanj ou a:** Ajoute dlo wobinè w konn itilize a (pa twò frèt pa twò cho) pou w fè I rive nan mak plen nan vesò ou mete GoLYTELY ladan I lan epi souke I byen souke. Apre w fin souke I, mete melanj lan nan frijidè.

**4PM: Kòmanse bwè** melanj GoLYTELY a. Bwè yon vè chak 10-15 minit pandan pwochen 2 èdtan yo. Kontinye bwè jiskaske w rive sou **MWATYE** vesò a Si w itilize yon chalimo, sa ka fè I pi fasil pou w bwè I. Yon fwa ou fini, bwè de lòt vè 16 ons dlo.

Asire w pran anpil likid paske sa ap ede w pa dezidrate epi sa ap ede nan netwayaj kolon an.

### **Jou Pwosedi w la**

Kòmanse **5 èdtan anvan lè pwosedi w la**, kòmanse bwè dezyèm mwatye GoLyTELY a, bwè yon vè chak 10-15 minit pandan pwochen de èdtan yo, epi fini ak li omwen 3 èdtan anvan lè pou w rive a.

- **3 èdtan anvan w rive: PA PRAN ANYEN DITOU NI POU MANJE, NI POU BWÈ, NI MENM POU MOULEN** jiskaske w fin fè tès la. Lè w konsome nenpòt bagay apre lè sa a, sa pral lakòz gen yon reta nan pwosedi w la oswa yo ka menm anile I.

Pou kesyon sou pwogramasyon oswa zafè medikal oswa preparasyon yo, tanpri rele nan 239-343-6222

Pou kesyon sou faktirasyon yo, rele nan 239-343-5516